



PREPARE W POU W DEKLARE

Depi kounye a, pran mezi pou w
kòmanse travay sou enpo ane pwochen

Konsèy pou ede ou
prepare deklarasyon
enpo federal ou a

Fè enfòmasyon verifye IRS.gov konfyans

Fè pati plizyè milyon mou ki itilize IRS.gov pou jwenn repons kesyon fiskal, deklare enpo, tcheke ranbousman oswa pou peye enpo. Ou pa bezwen tann ni pran randevou— jis ale sou IRS.gov pou w jwenn **zouti anliy ak resous** ki disponib 24 sou 24.

Pwoteje done w yo

Sit entènèt ofisyèl IRS la se IRS.gov e pifò adrès paj entènèt IRS.gov kòmanse ak <https://www.irs.gov/>. Pa kite yo twonpe w ak sit entènèt oswa imèl ou pa t atann ki fè konnen yo se IRS. URL yo souvan fini ak .com, .net oswa .org, olye de .gov. Pran **etap sa yo** pou pwoteje tèt ou kont volè idantite yo ak moun ki pretann men ki pa IRS.

Rete konekte avèk IRS

IRS gen plizyè fason ou ka rete ajou ak enfòmasyon enpo enpòtan ki ka ede w planifye enpo ou. Suiv kont ofisyèl **medya sosyal IRS yo ak lis abònman imèl yo** pou w rete ajou ak dènye sijè ak alèt fiskal yo. Telechaje aplikasyon mobil **IRS2Go**, gade **videyo YouTube IRS**, fè abònman **e-biltèn IRS** oswa suiv IRS sou **Twitter, Facebook, LinkedIn** ak **Instagram** pou dènye mizajou sou chanjman fiskal, alèt twonpri, inisyativ, pwodui ak sèvis yo.

Jwen enfòmasyon fiskal nan lang ak fòma ou prefere a

Enfòmasyon fiskal ka difisil pou konprann nan nenpòt lang sitou si se pa youn ou konnen byen. N ap tradui resous fiskal nou yo nan plis lang, kounye a nou gen enfòmasyon fiskal debaz nan **ven lang**. Pou resevwa enfòmasyon IRS alekri nan lòt lang lè yo disponib, ou ka ranpli **Barèm LEP, Demann pou Chanje Preferans Lang Abònman Nouvel IRS an Espayòl** (Noticias del IRS en Español) pou w resevwa konsèy fiskal ak mizajou an espayòl. Fòm 9000, Preferans Lòt Medya, disponib pou w resevwa kominikasyon alekri sou lòt fòma (Bray, Gwo lèt, elatriye).



Konekte sou kont fiskal endividyèl ou anliy an sekirite

Kont entènèt IRS la pèmèt ou wè done kle nan dènye deklarasyon fiskal ou a. Sa gen ladann enfòmasyon ou ka bezwen pou w ranpli enpo ane pwochen, tankou Revni Brit Ajiste ane avan an. Kont sou entènèt ou a gen montan fiskal ou a, detay plan peman epi li pèmèt ou fè peman. Ou ka wè tou kèk korespondans ki soti nan IRS epi apwouve Pwokirè ak Demann Otorizasyon Enfòmasyon Fiskal nan men pwofesyonèl fiskal ou. Konekte sou kont ou nan **IRS.gov/account**.

Mete dosye w yo ajou

Fè IRS konnen si **adrès ou chanje** pou w asire w ou resevwa korespondans IRS yo nan nouvo adrès ou a. Depoze **Fòm 8822, Chanjman Adrès (Pou Endividyèl, Kado, Byen, oswa Deklarasyon Enpo Transfè ant plizyè Jenerasyon)** pou w mete adrès ou ajou avèk IRS. Sinon, IRS pral mete dosye yo ajou otomatikman dapre adrès ki sou deklarasyon fiskal ou lè w ranpli enpo w yo. Si ou te chanje non legal ou, fè **Administrasyon Sekirite Sosyal** la konn sa pou evite yon reta nan tretman deklarasyon enpo w.

Revize kalifikasyon w pou kredi ak dediksyon

Evènman lavi a—achte yon kay, ale nan kolèj oswa pèdi yon travay—ka fè w kalifye pou sèten avantaj fiskal. Chèche konnen elijiblite w kounye a ka ede w fè depo pi fasil ane pwochen. Lòt sikonstans, tankou marye oswa **divòse**, yon timoun anplis oswa fè eksperyans lanmò yon konjwen oswa yon depandan ou reklame, ka afekte benefis fiskal ou kalifye ansanm ak estati depo a. Pou aprann plis, ale nan **Fason pou w jere enpo w yo apre yon evènman lavi a**.

Kredi ak dedisyon fiskal ka fè w gen plis kòb nan pòch ou; epi lè w panse ak elijibilite w kounye a sa ka fè l pi fasil pou w fè deklarasyon w lan ane pwochen. Itilize **Asistan Enteaktif Fiskal** la sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) pou w detèmine si w kalifye pou kredi tankou **Kredi Enpo sou Revni ou Antre, Kredi pou Swen Timoun ak Depandan, Kredi Enpo pou Timoun** ak **Kredi pou Lòt Depandan**. Fanmi ki gen elèv yo ka kalifye pou kredi pou edikatè yo.

Sonje konsève dosye yo, sa gen ladan l lèt ajans govènman yo, ki montre w kalifye pou kredi yo.

Tcheke ITIN ou

Si w itilize yon ITIN (Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl) pou w depoze, asire w li poko ekspire. Ale sou [IRS.gov/ITIN](https://www.irs.gov/ITIN) pou plis enfòmasyon.

Prepare w pou w deklare elektwonikman

E-file se fason ki pi egzak pou prepare ak ranpli deklarasyon enpo w. Erè lakòz ranbousman vin an reta e fason ki pi fasil pou evite yo se **ranpli elektwonikman**. Lojisyèl preparasyon enpo a gide w nan pwosesis la epi l fè tout kalkil yo.

Swasanndis pousan nan tout kontribyab yo ka itilize lojisyèl enpo gratis, lòt konpayi fè, pou prepare epi deklare enpo sou revni federal yo elektwonikman lè yo sèvi avèk **IRS Depoze Gratis**. Tout kontribiyab yo, kèlkeswa nivo revni yo, kapab itilize **Fòm IRS Moun Ka Ranpli Gratis**. Moun ki aje yo, manm militè yo, ak anpil lòt kontribiyab—tou depan de revni yo—kapab kalifye pou **preparasyon deklarasyon enpo gratis** ak depo elektwonik nan men volontè IRS bay fòmasyon nan pwogram **Asistans Volontè Enpo sou Revni (VITA)** oswa **Konsèy Fiskal Pou Moun Aje (TCE)**.

Gen plizyè kalite preparatè enpo, tankou kontab piblik sètifye, ajan ki enskri, avoka, ak anpil lòt moun ki pa gen yon kalifikasyon pwofesyonèl. Pifò preparatè enpo bay bonjan sèvis fiskal pwofesyonèl. Sepandan, chak ane, kèk kontribiyab fè pèt paske yo chwazi prepare ki pa bon pou fè deklarasyon enpo. Asire w ou tcheke **konsèy nou yo pou w chwazi yon moun k ap prepare enpo ak fason pou w evite preparatè “fantom” ki pa gen etik**.

Pare w pou depo dirèk ranbousman w

Konbine **depo dirèk** ak deklarasyon elektwonik se fason ki pi an sekirite e ki pi rapid pou w resevwa ranbousman w lan. Ranbousman fiskal ou a ale dirèkteman sou kont labank ou lè w chwazi depo dirèk. Ou pap bezwen enkyete w pou chèk ki pèdi, chèk yo vòlè, oswa yon chèk ranbousman lapòs pa ka delivre.

Si w pa gen yon kont an bank, ale nan **sit wèb FDIC a** oswa **Zouti pou Lokalize Kredi Sendika** pou kontakte Administrasyon Kredi Sendika Nasyonal la oswa

enfòmasyon sou ki kote pou n jwenn bank oswa sendika kredi ki pèmèt moun ovri kont anliy ak fason pou moun chwazi kont ki apwopriye pou yo a.

Jere atant ranbousman

Diferan faktè ka afekte refund. Fè atansyon pou w pa swete jwenn ranbousman an nan yon sèten dat, sitou lè w ap fè gwo acha oswa peye lòt obligasyon finansye. Gade [IRS.gov/refunds](https://www.irs.gov/refunds) pou plis enfòmasyon.

Byenke IRS bay pifò ranbousman e-file nan mwens pase 21 jou, li posib deklarasyon enpo w la ka mande plis revizyon. Gen kèk deklarasyon ki pran plis tan pase lòt pou plizyè rezon, tankou lè li pa konplè, lè li afekte pa vòl idantite oswa fwod, oubyen lè gen erè kalkil ladan l.

Epi, si w reklame **Kredi Enpo sou Revni ou Antre oswa Kredi Enpo Adisyonèl pou Timoun** oswa **Kredi Enpo Adisyonèl pou Timoun**, dapre lalwa, IRS pa ka bay ranbousman an anvan mitan mwa fevriye. Limit sa a se pou tout ranbousman an, se pa jis pou pati ki gen rapò ak kredi yo.

Konpansasyon chomaj

Konpansasyon chomaj enpozab epi yo dwe rapòte l nan deklarasyon enpo sou revni an. Moun k ap resevwa benefis chomaj yo ta dwe resevwa Fòm 1099-G, Kèk Peman Gouvènman an, nan men ajans asirans chomaj leta yo an janvyè swa pa lapòs oswa elektwonikman. Tcheke sit entènèt konpansasyon chomaj eta w la pou plis enfòmasyon. Fòm 1099-G rapòte kantite konpansasyon pou chomaj ou resevwa nan bwat 1 ak nenpòt enpo federal sou revni ki te preleve nan bwat 4. W ap jwenn plis enfòmasyon sou benefis chomaj nan **Piblikasyon 525 (an anglè)**.

Chèche konnen si w bezwen ajiste prelèyman w lan

Èske w te resevwa yon ranbousman ki pi piti pase sa w te espere a oswa ou te resevwa yon bòdwo enpo ou pa t prevwa? Sèvi avèk **Estimatè Prelèyman Enpo IRS la** pou ede w deside si w bezwen ajiste prelèyman enpo w oswa peye enpo estime oubyen enpo adisyonèl.

Si w bezwen fè ajisteman an soumèt yon **Fòm W-4, Sètifika Prelèyman Anplwaye (an anglè)**, bay anplwayè w la. Ou kapab peye **enpo estime oswa enpo adisyonèl** si prelèyman sou salè w, pansyon w oswa lòt revni w pa rive kouvri obligasyon enpo ou pral genyen pou ane a.

Òganize dosye enpo w yo

Dosye ki byen òganize fè li pi fasil pou prepare yon deklarasyon enpo epi ede w reponn si w resevwa yon avi IRS. Kenbe dosye ak dokiman ki sipòte yon atik revni, yon dediksyon, oswa yon kredi ki sou deklarasyon w lan.